

GID NAVIGATÈ POU FON FEDERAL



 **SARAH McBRIDE**
DELAWARE'S  CONGRESSWOMAN

LÈT DE REPRESANTAN SARAH MCBRIDE

Chè Vwazen,

Mèsi paske ou kontakte nou pou enfòmè nou sou opòtinite pou fè rechèch, aplike pou, epi jwenn sibvansyon federal. Fon sa yo ka sèvi kòm yon liy sovtaaj sekou enpòtan pou kominote nou yo; men chèche konnen ak konprann sibvansyon federal pafwa ka sanble konplike. Mwen espere ke gid sa a ap pote plis klarifikasyon ak asistans pou ede w navige nan pwosesis sa a, pou ou ka jwenn finansman esansyèl sa yo avèk plis efikasite.

Fon sibvansyon federal sòti nan ajans federal yo, ak objektif pou sipòte nouvo pwojè oswa pwojè ki deja egziste, pou yo ka satisfè bezwen piblik yo. An tèm senp: se yon fason pou mete dola federal yo travay pou byennèt piblik nan pi gwo eta nan Inyon an.

Navige nan langaj ajans federal yo se pa yon ti bagay—e mwen swete nou kapab ede w kòmanse antre nan pwosesis sa a pou jwenn finansman, pou ansanm nou ka ranfòse kominote yo toupatou nan Delaware. Ann gade pi devan pou n asire Delaware pa sèlman ratrape prezan an, men l ap mennen kòm yon lidè nan lavni.

Si ou gen nenpòt enkyetid oswa kesyon, tanpri pa ezite pran kontak. Ekip mwen ap kontan ede w nan nenpòt fason nou kapab.

Sensèman,



SARAH MCBRIDE
MANM KONGRÈS NAN DELAWARE

RETE KONEKTE:

Mwen pran angajman pou m toujou kenbe w enfòmè epi angaje. Se rezon sa a ki fè mwen pataje nouvèl sou fason mwen vote, aktivite lejislatif mwen, ak travay mwen nan distri a atravè tout chanèl medya sosyal mwen yo—ki gen ladan Facebook, X, Instagram, ak Bluesky. Mwen envite w tou pou w vizite sit entènèt ofisyèl mwen nan mcbride.house.gov, kote ou ka swiv lwa ki sou tab la, aprann sou inisyativ mwen yo, epi jwenn anpil resous, tankou gid sou sibvansyon ak lòt sèvis ki disponib pou moun nan kominote a.



 [MCBRIDE.HOUSE.GOV/CONTACT](https://mcbride.house.gov/contact)

 [CONGRESSWOMANSARAHMCBRIDE](https://www.instagram.com/congresswomansarahmcbride)

 [REP_MCBRIDE](https://twitter.com/REP_MCBRIDE)

 [CONGRESSWOMANSARAHMCBRIDE](https://www.facebook.com/congresswomansarahmcbride)

 [MCBRIDE.HOUSE.GOV](https://mcbride.house.gov)

SOTI NAN IDE POU RIVE NAN APLIKASYON: KÒMANSE TRAJÈ OU POU JWENN FINANSMAN

Antanke reprezantan ou nan Kongrè, mwen konnen dirèkteman ke aplike pou sibvansyon federal ka yon pwosesis ki konplike e ki pran anpil tan. Se poutèt sa mwen prepare gid sa a—pou ede fè etap yo vin pi klè epi pou bay ou kapasite pou chèche opòtinite finansman ak plis konfyans.

Nan seksyon sa a, m ap gide w pou ou konprann kijan pou w:

- Detèmine ki kalite finansman federal òganizasyon ou ka kalifye pou jwenn
- Fè yon rechèch ki vize dirèkteman opòtinite sibvansyon yo
- Ekri epi soumèt pwopozisyon solid ki ka konpetitif
- Jwenn lèt sipò enpòtan ki ka ranfòse aplikasyon ou

Akòz presyon bidjè k ap ogmante nan nivo federal, ajans yo dwe asire dola kontribyab yo ale nan pwojè ki montre enpak klè epi ki gen sipò nan kominote a. Se poutèt sa, li esansyèl pa sèlman pou w satisfè kritè elijibilite yo, men tou pou w fè pwopozisyon ou kanpe kòm yon model.

MWEN ANKOURAJE AK TOUT FÒS POU W:

1. Kòmanse bonè — chèche toude finansman ak bati pwopozisyon ou kapab pran plizyè mwa.
2. Swiv dat limit yo ak anpil presizyon — si w manke menm yon sèl dat, aplikasyon w la ka pa kalifye.
3. Itilize resous ki disponib yo — konekte avèk kòlèg ki gen eksperyans nan domèn sibvansyon, jwenn aksè nan rezo sipò rejyonal yo, oubyen itilize sèvis biwo mwen an ansanm ak lòt moun ki ofri yo.

Ekip nan biwo mwen an la pou ede w! Nou ka reponn kesyon lojistik ou yo, ede w ekri lèt sipò w yo, epi mete w an kontak ak reprezantan ajans yo oswa lòt resous jan sa nesesè. Si w jwenn nenpòt etap nan pwosesis sa a konplike oswa ou bezwen asistans ki plis pèsonalize, tanpri pa ezite kontakte ekip mwen an — nou pran angajman pou sipòte w nan chak etap.

Ann travay ansanm pou asire pwopozisyon w yo fèt alè, rete konpetitif, epi relete lidèchip solid ak inovasyon kominote nou an.

WASHINGTON, DC OFFICE

1306 Longworth HOB
Washington, DC 20515
Telefòn: (202) 225.4165

GEORGETOWN OFFICE

28 The Circle, Suite 2
Georgetown, DE 19947
Telefòn:(302) 752.9140

WILMINGTON OFFICE

1105 N Market Street, Suite 400
Wilmington, DE 19801
Telefòn: (302) 830.2330

ELIJIBILITE ESANSYÈL: POZE FONDASYON POU REVISIT SIBVANSYON AN

Anvan ou kòmanse rechèch ou a oswa aplike pou finansman federal, li enpòtan pou detèmine si òganizasyon w lan kalifye. Diferan kalite sibvansyon yo souvan adapte ak gwoup espesifik; kidonk, sibvansyon ki disponib pou gouvènman lokal yo oswa òganizasyon ki san bi likratif yo pa nesèman aplikab pou ti biznis oswa moun endividyèl, epi vis vèsa. Premye etap la se idantifye kalite òganizasyon w ap reprezante a. Pou ede w nan pwosesis sa a, men kèk nan kalite aplikan ki kalifye ki pi souvan rankontre anba a:

ÒGANIZASYON GOUVÈNMANTAL YO

- Gouvènman Eta ak Lokal yo
- Gouvènman Vil oswa Minisipal
- Gouvènman Distri Espesyal yo
- Gouvènman Tribi Natif Natal Ameriken yo

ENSTITISYON EDIKASYONÈL

- Distrik Lekòl Endepandan yo
- Enstitisyon Piblik ak Leta Kontwole nan Edikasyon Siperyè
- Enstitisyon Prive nan Edikasyon Siperyè

OTORITE LOJMAN PIBLIK

- Ajans Lojman Piblik yo
- Otorite Lojman pou Tribi Natif Natal Ameriken yo

ÒGANIZASYON KI SAN BI LIKRATIF

- Òganizasyon san bi likratif ki gen estati 501(c)(3) dapre Lwa IRS la
- Òganizasyon san bi likratif ki pa gen estati 501(c)(3) dapre Lwa IRS la

Konprann ki kote ou kanpe ap pèmèt ou konsantre tan w efektivman pandan w ap pousoiv opòtinite ki pi byen adapte ak misyon ou! Elijibilite ou depann anpil sou sibvansyon w ap aplike pou li a. Li enpòtan pou w revize Avi sou Opòtinite Finansman an (NOFO) avèk anpil atansyon pou w ka konprann kondisyon detaye yo. Ou kapab verifye elijibilite ou tou sou [grants.gov](https://www.grants.gov) oswa atravè afichaj sibvansyon òganizasyon ki konsène a.

Nan nivo federal, sibvansyon pou moun endividyèl ak pou sèten kalite òganizasyon gen plis limit nan domèn yo kouvri. Anjeneral, etidyan, ti biznis, ak moun k ap chèche benefis gouvènman oswa asistans pèsònèl pa kalifye pou pifò pwogram sibvansyon federal yo. Sepandan, menm si opòtinite finansman dirèk yo pi difisil pou jwenn pou gwoup sa yo, gen anpil pwogram federal ansanm ak pwogram leta ki fèt espesyalman pou bay sipò ki gen anpil valè.

ETIDYAN YO:

Malgre etidyan ak moun ki fèk fini etid yo pa souvan kalifye pou sibvansyon federal, gen resous enpòtan toujou disponib pou ede finansman edikasyon yo. Depatman Edikasyon Etazini ofri pwogram ranbousman prè etidyan ansanm ak lòt opòtinite èd finansye ki fèt dapre bezwen etidyan yo. Ou kapab eksplòre opsyon sa yo lè ou vizite [StudentAid.gov](https://studentaid.gov). Gen lòt resous tou ou kapab jwenn nan Planifikasyon ak Peman pou Kolèj: Resous Gouvènman Federal la. ([Planning and Paying for College: Federal Government Resources](#)).

MOUN ENDIVIDYÈL YO:

Moun endividyèl yo dwe soumèt aplikasyon pou kont yo epi yo pa kalifye pou sibvansyon ki fèt espesyalman pou òganizasyon yo. Si w ap chèche asistans finansye pèsònèl oswa benefis nan pwogram gouvènman yo, mwen ankouraje w vizite [USA.gov](https://www.usa.gov) ak [Benefits.gov](https://www.benefits.gov) pou jwenn enfòmasyon serye, aktualize, ak resous ki disponib. Platfòm sa yo se yon pwèn depa ekselan pou jwenn sipò ki adapte ak bezwen pèsònèl ou.

TI BIZNIS YO:

Sibvansyon ak pwogram prè pou ti biznis yo jere atravè *U.S. Small Business Administration (SBA)*. Si ou se yon pwopriyetè ti biznis k ap chèche opòtinite finansman, mwen ankouraje w eksplòre resous ki disponib sou [SBA.gov](https://www.sba.gov) Ak Sant Devlopman Ti Biznis Delaware (SBDC). [[Delaware Small Business Development Center \(SBDC\)](#).] SBA ak SBDC ofri konsèy itil ansanm ak pwogram ki fèt pou sipòte antreprenè nan chak etap. Gen lòt resous tou ou kapab jwenn pou Konekte Konstitiyan yo ak Asistans Federal pou Biznis yo ([Connecting Constituents with Federal Assistance for Businesses](#)).

FINANSMAN KI PI KORESPONN: KI JAN POU JWENN BON ÒPÒTINITE POU SIBVANSYON

Pandan kèk dènye ane yo, pwosesis pou jwenn finansman federal vin pi senp anpil. Yon bon pwen pou kòmanse chèche opòtinite se atravè *Assistance Listings* sou [SAM.gov](https://www.sam.gov) ak [Grants.gov](https://www.grants.gov). Sit entènèt sa yo sèvi kòm bazdone santral pou tout opòtinite finansman federal yo, epi yo mete ajou chak jou. Mwen ankouraje w vizite yo souvan, paske gen nouvo opòtinite k apibliye regilyèman — epi anpil ladan yo gen yon delè aplikasyon ki kout.

SAM.GOV

Ansyenman yo te konnen li kòm Catalog of Federal Domestic Assistance (CFDA), *Assistance Listings* ki sou [SAM.gov](https://www.sam.gov) la ofri yon bazdone rechèch ki gen plis pase 2,000 pwogram asistans federal ak detay sou yo. Lis sa yo kouvri tou de sipò finansye ak sipò ki pa finansye, ki disponib pou moun endividyèl, òganizasyon san bi likratif, ti biznis, ak antite gouvènmantal yo.

Sit la pèmèt ou fè rechèch pa ajans, mo kle, kalite pwogram (tankou sibvansyon pwojè oswa prè dirèk), ak lòt kritè ankò. Zouti rechèch avanse li yo ede w byen vit rafine rezilta yo selon bezwen espesifik òganizasyon ou. Chak lis gen detay enpòtan tankou deskripsyon pwogram nan, kondisyon elijibilite yo, dat limit yo, ak enfòmasyon kontak ajans ki responsab la. Lis *Assistance Listings* yo mete aksan tou sou opòtinite ki fèk ajoute oswa ki fèmen, sa ki ede w ekonomize tan epi rete ajou ak sa ki disponib. Kit w ap eksplòre finansman pou premye fwa, kit w ap rafine rechèch ou, [SAM.gov](https://www.sam.gov) rete yon resous esansyèl.

GRANTS.GOV

Anba jesyon Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), [Grants.gov](https://www.grants.gov) bay yon aksè estanda a plis pase 1,000 pwogram sibvansyon ki soti nan plizyè dizèn ajans federal.

Yon fwa ou idantifye yon pwogram ki koresponn ak objektif ou, sit la pèmèt ou revize demann aktyèl yo, telechaje pake aplikasyon yo, epi soumèt pwopozisyon dirèkteman. Ou dwe enskri, men ou sèlman bezwen fè sa yon sèl fwa pou aplike pou tout kantite sibvansyon ou vle. Platfòm nan fèt pou senplifye pwosesis la epi rann li pi fasil pou moun endividyèl, òganizasyon san bi likratif, ak gouvènmant jwenn aksè ak sipò federal.



OPÒTINITE SIBVANSYON NAN ETA DELAWARE

Apade pwogram federal yo, Eta Delaware ofri pwòp opòtinite sibvansyon li yo ki fèt espesyalman pou kominote nou yo. Pou eksplòre opòtinite sa yo, mwen ankouraje w vizite [Delaware.gov](https://www.delaware.gov) oubyen konsilte Biwo Jesyon ak Bidjè Delaware a ([Delaware Office of Management and Budget](https://www.delaware.gov)) Resous sa yo se yon bon fason pou w rete enfòm sou finansman lokal ak nan nivo eta ki disponib pou moun endividyèl, òganizasyon san bi likratif, ak ajans piblik yo.

Pou yon eksplikasyon pi detaye sou kijan pou jwenn opòtinite finansman yo, tanpri vizite [Jwenn Sibvansyon Federal: Yon Apèsi sou Resous yo](https://www.delaware.gov). ([Searching for Federal Grants: An Overview of Resources](https://www.delaware.gov).)

SIK LAVI YON SIBVANSYON

Chak opòtinite sibvansyon federal swiv yon pwosesis estriktire, etap pa etap — depi premye anonse a jiska rapò final la. Konprann sik lavi yon sibvansyon esansyèl pou ou kapab vin yon aplikan solid epi yon benefisyè ki reyisi. An jeneral, yo klase pwosesis sa a an kat gwo faz prensipal:



- **Faz Anvan-Prim lan** – Jwenn finansman epi soumèt aplikasyon
- **Faz Prim lan**– Resevwa notifikasyon sou desizyon sibvansyon yo
- **Faz Aprè-Prim lan**– Mete prim sibvansyon an an aplikasyon epi rapòte pwogrè yo
- **Faz Fèmti Sibvansyon an** – Soumèt rapò final yo

FAZ ANVAN PRIM LAN

Faz pre-prim lan make kòmansman chemen sibvansyon ou. Pandan etap sa a, yo pibliye yon Avi sou Opòtinite Finansman (*Funding Opportunity Announcement – FOA*), ki esplike tout kritè elijibilite yo, dat limit yo, enstriksyon pou aplikasyon yo, ansanm ak objektif pwogram nan. Se nan moman sa a ou gen opòtinite pou revize kondisyon yo, evalye si w kalifye, epi soumèt yon aplikasyon ki konplè epi konvenkan.

Yon fwa aplikasyon an fin soumèt, ajans ki ofri sibvansyon an ap revize pwopozisyon ou atravè plizyè etap:

- Premyeman, yo fè yon verifikasyon inisyal pou asire aplikasyon an konplè.
- Apre sa, yo fè yon revizyon fon sou apwòch pwogram ou ak enpak li ka genyen.
- Yon revizyon finansye sou bidjè ou pwopoze a vin apre, pou konfime si li posib epi si li respekte règleman yo.
- Finalman, yo pran desizyon sou prim yo epi yo notifie aplikan ki chwazi yo.

FAZ PRIM LAN

Si yo chwazi aplikasyon w lan, ou pral resevwa yon Avi pou Prim (*Notice of Award – NOA*) — dokiman ofisyèl ki konfime seleksyon ou. Yon fwa ou aksepte li, ou menm ak òganizasyon ou pran responsablite legal pou satisfè tout tèms ak kondisyon yo ki souliye nan sibvansyon an. Li esansyèl pou w li dokiman sa a avèk anpil atansyon, paske se li ki tabli fondasyon pou aplikasyon sibvansyon ou.

FAZ APRE PRIM LAN

Faz aprè-prim lan kòmanse lè ou resevwa finansman an epi ou antre nan etap aplikasyon an. Nan moman sa a, òganizasyon ou responsab pou delivre travay ou te pwopoze a epi satisfè tout kondisyon rapò yo. Ajans federal yo bay sipò ak sipèvizyon pou asire tout bagay fèt an akò ak tèms sibvansyon an.

Delè ak atant pou rapò yo varye selon pwogram yo, men yo souvan gen ladan tou de rapò finansye ak rapò sou pwogrè pwogram nan. Rapò sa yo kle pou kenbe transparans, asire itilizasyon fon piblik fèt avèk etik, epi evite fwod oswa move itilizasyon

FAZ FÈMTI PRIM LAN

Lè peryòd aplikasyon sibvansyon an fini, pwosesis fèmti a kòmanse. Sa mande soumèt rapò final yo — finansye, pèfòmans, ak administratif — souvan nan 90 jou apre dat fen sibvansyon an. Yon fwa ajans lan verifye tout kondisyon yo satisfè epi rapò yo fin revize, y ap ofisyèlman fèmen sibvansyon an. Kenbe nan tèt ou ke pifò benefisyè yo oblije konsève dosye sibvansyon yo pou omwen twa (3) ane apre yo fin soumèt rapò final la.

Navigate nan pwosesis sa a ka parèt konplike nan kòmansman, men ak bon preparasyon ak sipò, li totalman posib pou jere.

METE TOUT BAGAY ANSANM: SOUMÈT YON APLIKASYON KI SOLID

Yon fwa ou fin idantifye yon pwogram sibvansyon ki satisfè bezwen ou yo, — swa atravè lis èd yo ([Assistance Listings](#)) sou [SAM.gov](#) oswa pandan w ap chèche opòtinite sou [Grants.gov](#)— lè sa l'ap moman pou ou kòmanse pwosesis aplikasyon an. Mwen konprann sa ka sanble entimidasyon. Soumèt yon aplikasyon pou sibvansyon federal mande tan, atansyon sou detay, ak bon preparasyon. Anvan ou kòmanse ekri pwopozisyon w lan, mwen ankouraje w fòtman pou kontakte moun ki make kòm “pwen kontak” sou paj opòtinite a. Moun sa a kapab reponn kesyon espesifik, klarifye dat limit yo, epi ede w asire aplikasyon w lan ann amoni ak atant ajans lan. Si yo pa bay okenn kontak, vizite sit entènèt ajans lan dirèkteman — yo souvan mete plis gid disponib.

ENSKRIPSYON SOU [SAM.GOV](#) AK [GRANTS.GOV](#)

Pifò aplikasyon pou sibvansyon federal soumèt atravè [Grants.gov](#), ki se sistèm sou entènèt gouvènman an pou jwenn ak soumèt opòtinite finansman. Sepandan, anvan ou ka aplike, òganizasyon ou dwe anrejistre sou [SAM.gov](#), ki se sistèm ofisyèl federal la pou enskripsyon ak idantifikasyon antite yo.

POU KÒMANSE:

- Jwenn yon ID Antite Inik (Unique Entity ID) (UEI) atravè [SAM.gov](#) – sa ranplase nimewo *DUNS* kòm idantifyan ofisyèl antite federal yo.
- Enskri antite ou sou [SAM.gov](#) – sa dwe renouvle chak ane e li gen ladan detay finansye ak òganizasyonèl ki esansyèl.
- Kreye yon kont [Grants.gov](#) epi lye li ak enskripsyon [SAM.gov](#) ou a.

Yon fwa ou fini enskripsyon sou [SAM.gov](#) lan, [Grants.gov](#) pèmèt ou chèche opòtinite, anrejistre kòm aplikan, epi soumèt aplikasyon bay ajans ki bay sibvansyon yo. Sit la ofri gid etap-pa-etap ansanm ak opsyon itil tankou alèt imèl pou nouvo opòtinite ak dat limit kap vini yo.

[Grants.gov](#) ofri tou leson patikilye ki itil pou gide w nan chak etap nan pwosesis la. Paske tout pwosesis enskripsyon an ka pran plizyè semèn, mwen ankouraje pou w kòmanse pi bonè posib — anpil aplikan rate dat limit yo sèlman paske yo pa t enskri alè.

SOUMISYON APLIKASYON AK PWOPÒZISYON W LAN

Yon pwopozisyon sibvansyon solid dwe klè, konvenkan, epi fèt dapre opòtinite finansman ou vize a. Li dwe eksplike poukisa òganizasyon ou bezwen finansman an, kijan fon yo pral itilize, epi ki enpak ou vize reyalize. Pwopozisyon ou dwe byen òganize, san fot òtograf oswa gramatikal. Mwen rekòmande pou plizyè kòlèg oswa patnè revize aplikasyon w la anvan ou soumèt li pou asire li solid ak konplè.

Finalman, toujou revize kondisyon espesifik pou soumèt aplikasyon yo ki endike nan chak opòtinite finansman—sa ka varye anpil selon pwogram yo. Si ou aplike atravè yon ajans dirèkman olye de [Grants.gov](#), kontakte ofisye pwogram ajans lan bonè pou konfime metòd soumèt ak dokiman yo mande yo.

Pou plis detay sou kijan pou devlope epi ekri yon pwopozisyon sibvansyon, tanpri vizite [Kijan pou devlope epi ekri yon pwopozisyon sibvansyon \(How to Develop and Write a Grant Proposal\)](#).

JWENN LÈT SIPÒ

Sipò kominote a kapab fè yon gwo diferans nan siksè aplikasyon sibvansyon w lan. Anpil opòtinite finansman federal egzije—oswa rekòmande fòtman—pou gen lèt sipò ladan yo kòm pati nan pake aplikasyon an. Yon fwa ou fin ekri rezime pwopozisyon ou an, mwen ankouraje w pou idantifye moun ak òganizasyon ki ka sipòte efò w yo alekri. Sa yo kapab gen ladan lidè nan domèn pwofesyonèl, akademik, politik, oswa nan espas baz kominote – yo. Kalite ak kredibilite lèt sa yo kapab jwe yon wòl enpòtan pandan pwosesis revizyon an, paske yo konn ranfòse kapasite òganizasyon ou ak enpòtans pwojè a.

Lè w ap mande lèt sipò, ou ta dwe fè sa pi bonè posib epi asire w ke ou enkli:

- Yon deskripsyon sou òganizasyon w lan
- Yon kopi rezime pwopozisyon w lan
- Non ak enfòmasyon kontak chèf pwogram oswa ajans ki bay sibvansyon an
- Yon echantiyon lèt sipò ki adapte ak opòtinite finansman an

Menm si biwo mwen pa jwe okenn wòl nan desizyon finansman federal yo, mwen dispoze ofri yon lèt sipò lè sa apwopriye. Si ou ta renmen mande yon lèt, tanpri voye yon bouyon lèt la bay ekip mwen an, kèk enfòmasyon sou òganizasyon ou, ansanm ak yon eksplikasyon klè sou kijan finansman an ta ka ede misyon ou ak kominote ki pi laj nan Delaware a.

Ou dwe soumèt tout demann pou lèt sipò yo nan Biwo Distrik Wilmington mwen an:

WILMINGTON OFFICE

1105 N. Market Street, Suite 400
Wilmington, DE 19801
Telefòn: (302) 830.2330

Tanpri soumèt demann ou omwen de (2) semèn anvan dat limit aplikasyon an. Mwen konprann pafwa delè sere yo inevitab, kidonk si ou gen yon dat limit ijan, mwen mande w rele biwo mwen an pou pale dirèkteman ak yon manm pèsònèl — n ap fè tout sa nou kapab pou akomode w.



SWIV APLIKASYON W LAN

Si ou te soumèt aplikasyon w atravè [Grants.gov](https://www.Grants.gov), ou ka swiv sitiwayon li dirèkteman sou platfòm nan. Li rekòmande tou pou kontakte moun ki make kòm pwen kontak pou sibvansyon an — yo souvan kapab bay plis enfòmasyon detaye sou pwosesis revizyon an ak sou delè pou desizyon sou sibvansyon yo.

DÈNYE REFLEKSYON

Mèsi paske ou pran tan pou revize gid sa a sou sibvansyon federal yo. Navige nan pwosesis aplikasyon an etap-pa-etap — soti nan konfimasyon elijibilite a ak rechèch opòtinite ki disponib yo rive nan enskripsyon, preparasyon pwopozisyon ou, ak soumèt aplikasyon ou — li ka konplèks, men li pa oblije yon chay ki twòp pou ou.

Mwen kwè anpil nan pouvwa pou mete Delawareyen ak òganizasyon kominotè yo ak zouti ak sipò yo bezwen pou yo reyisi. Se yon angajman pèsònèl pou mwen pou asire transparans, aksè fasil, ak repons apwopriye nan chak etap. Kit ou fèk ap kòmanse eksplòre opòtinite finansman, kit ou bezwen gid pou navige nan pwosesis sibvansyon federal yo, biwo mwen pare pou ede w:

- **Kontakte nou** si ou bezwen èd pou konprann elijibilite, pou navige [SAM.gov](https://www.sam.gov) oswa [Grants.gov](https://www.grants.gov), oswa pou konekte ak ajan pwogram federal yo.
- **Fè demann pou lèt sipò** yo bonè, epi bay ase tan davans pou yo kapab pote kontribisyon enpòtan nan aplikasyon ou.
- **Rete ak konfyans epi òganize** nan chak etap—atansyon ou sou detay yo gen anpil enpòtans.

Kominote Delaware yo fleri lè moun ak òganizasyon yo gen aksè ak resous yo bezwen pou fè yon enpak pozitif. Mwen santi m onore dèske m ap sèvi w epi defann enterè w. Mwen swete w anpil siksè nan efò ou yo. Ansanm, n ap jwenn resous ki nesèsè pou bati yon Delaware ki pi solid, pi dinamik, ak pi vivan.



 **SARAH McBRIDE**
DELAWARE'S  CONGRESSWOMAN